

Pwoteje tèt ou. Pwoteje kominote w. Pran vaksen an.



VAKSEN KONT KOVID19: KONNEN SA KI VERITE YO

Vaksen yo GRATIS pou tout moun.

Vaksen yo gratis pou tout moun, kèlkeswa kondisyon yo ak imigrasyon oswa si wi ou non yo genyen yon Idantifikasyon oswa asirans medikal.

Vaksen an san danje epi efikas. Vaksen an PA KAPAB ba ou COVID-19.

Pa gen okenn lòt vaksen ki te teste pou sekirite li nan nivo sa a nan istwa Etazini.

Efè segondè yo nòmal.

Efè segondè yo vle di vaksen an ap montre kò ou ki jan pou li konbat COVID-19.

Menm si ou te gen COVID-19 deja, ou ta dwe toujou pran vaksen an.

Rete an sekirite apre ou fin pran vaksen an epi kontinye:

- Mete mask ou.
- Pratike distans sosyal.
- Lave men ou souvan.
- Dezenfekte zòn yo manyen souvan yo.
- Rete ajou ak vaksen COVID-19, mete ladann piki boustè lè w kalifye.